Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2026 соналъул 6 февраль Рузман № 5 (7936) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**Райадминистрациялда**

## ТIадкъаял тIураялъул суал гIенеккана

3 февралалда районалъул бетIер Шамил ГIумаровас тIобитIана райадминистрациялъул хIалтIухъабазул, учреж-



дениябазулгун организациябазул нухмалъулезул данделъи.

Иргадулаб нухалъги данделъиялда борхана муниципалиял учреждениябаз социалиял гьиназда («В Контакте») официалиял гьурмал гIуцIиялъул (госпабликал) ва гьел хIалтIизариялъул рахъалъ гьабулеб хIалтIул суал. Гьелъул хIакъалъулъ информациягун кIалъазе вахъана райадминистрациялъул хIалтIухъан Халид Халидов.

-Араб анкьалъ гьеб рахъалъ лъикIаланго хIалтIи гьабун бугилан,- бицана Халидовас. -БукIаниги, гьабизе хIалтIи жеги гIемераб буго. Хасго кверш буго гьеб культураялъул учреждениябазда ва росабалъ администрациябазда.

Федералияб информациялъулабгун адресалъулаб системаялда (ФИАС) рекъон, росабалъ гьабулеб хIалтIул бицун кIалъазе вахъана райадминистрациялъул хIалтIухъан Закарья ЖахIпаров.

Араб соналъ культуриябгун спортивияб, туризмалъул ва гIолилазда гьоркьоб гьабураб хIалтIул бицун кIалъазе вахъана гьеб управлениялъул нухмалъулев ГIабдусалам МухIамадов.

Спорт цебетIезабиялъе ва гIолилазда гьоркьоб гьабулеб хIалтIи лъикI гIуцIун бугониги, гIей гьабуларедухъ гIуцIун буго культура ва туризм цебетIезабиялда сверухъ гьабулеб хIалтIи. БичIчIизе ккела культура цохIо кечI ахIиги кьурдиги гуребльи, гIуцIизе ккола гIадамазе культурияб хIухьбахъиялъе шартIал, тIоритIизе ккола тадбирал. Хасго гьеб рахъалъ хIалтIи биччабихьан тун буго росабалъ.

Данделъиялда рорхарал суалазда тIасан жидерго пикраби загьир гьаруна районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулесул ишал тIуралев М-XI. АхIмадовас, районалъул газеталъул бетIерав редактор ГI. Малачдибировас, райадминистрациялъул архивалъул отделалъул нухмалъулей XI. АхIмадовалъ, спорталъулгун гIолилазул ишазул отделалъул нухмалъулев ТIалхIат ГIабдулбасировас.

Данделъиялъул ахиралда хIасилалъулаб кIалъай гьабуна районалъул нухмалъулев Шамил ГIумаровас.

## 4 февралалда 155 сон тIубана имам Шамил накълулъаралдаса




Кавказалъул рагъ лъугIун хадуб, 1869 соналъ хIеж борхизе ине изну щварав имам Шамил Мадинаялда чIана яшав гьабун гIумрудул ахирисел кьоязде щвезегIан.

25 соналъ халатбахъараб рагъул хIасилалда рикIкIен гIемерал ругъналги щун, тату хун свакараб черхги букIаниги, имам Шамил хисичIо жиндирго халкъалъеги диналъеги, Аллагьасе суждаялда тIагIаталда тIамулаан гьес кьоял.

1871 соналъул байбихьуда имамас нигат гьабула цоги нухалъги хирияб ракьалде хIеж борхизе ине. Гьениве унаго варанидул караваналъул хасаб гьакидаса гьоркье вортарав гьев захIматго унтизавуна. Гьелдаса нахъе гьесул чорхол рухI къойидаса къойиде унеб букIана.

XIижраялда рекъон 1287 соналъул зуль-къагIида моцIрол 25-лелъ (1871 соналъул 4 февраль) имам Шамил Аллагьасул къадаралде щвана. Гьесул жаназадул как бана хирияб Равзаялда, МухIаммад-аварагасул (гI.с.в.) мажгиталъуб, вукьана Мадинаялда БакъигIаялъул хабалалъ.

Тарихалда жаниб гьваридаб лъалкI тана имам Шамилица. Гьев хутIана бачIунеб гIелалъе мисаллъун. Гьесул цIаралъ ахIулел руго цолъизе ва гIагараб ракь цIунизе.Гьев нилъер ракIазулъ абадиялъего хутIизе вуго.

## Пашманаб хабар



2 февралалда хасаб рагъулаб операциялда къадаралде щвана Дагъистаналдаса Россиялъул БахIарчи Муслим Муслимов.

Муслим Муслимов вукIана Украиналда унеб хасаб рагъулаб оперциялда вахъарав Дагъистаналдаса анцIила кIиабилев Россиялъул БахIарчи. Рагъулаб операция байбихьаралдаса нахъе гьев вукIана цебесеб кьерда. Нахъе тана солдатасдаса байбихьун офицерасде щвезегIан нух.

Рагъда бихьизабураб бахIарчиялъухъ 2024 соналъ Муслим Муслимовасе кьуна «Россиялъул БахIарчи» абураб тIадегIанаб цIар. Гьесул каранда Меседил ЦIва бана Россиялъул обороналъул министр Андрей Белоусовас.

Муслим Муслимов гьавуна 1998 соналъул августалда Рутул районалъул Рутул росулъ. 2019-леб соналъ гьев ахIана армиялде рагъулаб хьулухъ гьабизе. Рагъулаб хьулухъалда анлъго моцI индал хьвана рагъулаб къотIи.

Цумада районалъул бетIер Шамил ГIумаровас жиндирго ва цIумадисезул рахъалъан зигара балеб буго Муслим Муслимов къадаралде щвеялда бан гьесул эбел-инсуда ва гIагарлъиялда.

## Тохтурасухъе хьвай-хьвагIай MAX мессенджералдаса

Дагъистаналъул сахлъи цIуниялъул министерствоялъ халкъалъе бигьалъиялъе рагьун буго MAX электроннияб сервис-приложениялдаса тохтурзабазухъе ине хьвай-хьвагIай гьаби.




ТIоцебесеб хьвай-хьвагIай гьабизе бегьула кюар-кодалдаса яги clck.ru/3RWU3s ссылкаялдаса, ва хадуб кьезе ккола нилъерго хIакъалъулъ баянал цIезе изну.

«Тохтурасухъе хьвай-хьвагIай» абураб боталъул кумекалдалъун хадуб рес буго СНИЛСалъул ва гьавураб къо-моцIалъул баяналги рихьизарун, тохтурасухъе ине хьвай-хьвагIай гьабизеги, гьабураб нахъбахъизе яги нахътIамизеги. Гьелъ гьединго рес кьола тохтурги, гьесухъе унеб заманаги тIаса бищизе. КватIичIого рес щвезе буго гьенисанго консультацияби щвезе.

**Хадижат Жамалудинова,** тохтур - гигиенист

**ВатIан цIунулезул кьерда**

# Сержант Герейхан

Дагъаб цебе Хъварщи росулъа Расул ГIубайдулаевасул хъизаналъухъ «Директор» тIокIцIаргун рагъда вугев гъезул вас Герейханил командованиялъул рахъалъан бачIана баркалаялъул кагъат.

Росдал школалъул директорлъун хIалтIулев вукIарав ункъо лъималазул эмен Герейхан жиндиего бокьун ана ВатIан цIунизе ва жакъа къоялъги рагъул цебесеб кьерда вуго цогидазе мисалияб къагIидаялда.

Рохарал ва чIухIарал руго гьединал, умумузул гIадаталги цIунарал, къо ккаралъуб рухIги кьолел, гьитIиназе вацлъиги, кIудиязе васлъиги гьабулел гIолохъаби цIумазул улкаялда рукIиналдаса.

Кагътида хъвалеб буго:



**ХIурматиял Расул Шамхалович ва ПатIимат Герейхановна!**

-Рагъулаб полициялъул Югалъулаб къокъаялъул командованиялъул нухмалъиялъ ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабулеб буго нужее нужер вас ГIубайдулаев Герейхание тарбиялъухъ къуралъухъ. Рагъулаб хасаб операциялда тIоцебесеб къоялдаса-го гьес живго вихьизавуна хъулухъалъулал ишал ракIбацIцIадго тIуралевлъун, цадахъ ругезе мисалиявлъун гуревги, мугъ чIвалев хIубилъун, кидаго хIадур вукIуна гьев хIажалъи ккарасе хIалае вахъине. Рагъулал гъудул-гьалмагъзабазда гьоркьоб буго гьесул къадру-къиматги. Нужер хъизаналъул адаб-хъатир тараб иш гьес киданиги гьабичIо, ва рагъулаб хъулухъалда вугелдаса нахъе лъикIаб рахъалъан гурони гьесул цIарги бахъичIо.

Жеги нухалъ баркала нужее гьединав вас куцаялъухъ.

**Нужедехун адаб-хIурматгун Е.Москвин, рагъулаб полициялъул Югалъулаб къокъаялъул командирасул заместитель.**

* * *

## «Директорасе» сайгъат гьабула

Инсанасул гIумру гIажаибаб жо:
Хис-хисун сверулеб сухъмахъ киниги.
Хонохъ мактабалъул мугIалимасул,
Рагъуде сверана ракълилаб гIумру.

Жакъа Расулил вас Герейхан вуго,
Рагъул цIа боркьараб къалул коронив.
«Директор» абураб тIокIцIаралда гьоркь,
Гьев вагъулев вуго рагъул фронталда.

КьанагIатаб макьилъ Герейханида,
Цебе чIола мактаб, мугIалимзаби,
Эбел-эмен, цинги хирияй лъади,
Гьасухъ урхьун бугеб ункъабго лъимер...

Рагъулаб бажари, рекIел бацIцIалъи,
ЦIумадисес буго бихьизабулеб.
Баркаладул кагъат - эбел-инсухъе,
«БахIарчилъи» медаль - гьасул каранда.

Сержант Герейханил къвакIи, къохIехьей,
Цадахъ рагъулезе мисаллъун буго.
Халат хутIиларо гьаб рагъул гъугъай,
Бергьенлъиги босун руссина васал.

**МухIамад ГьазимухIамадов,** Балахьуни росу

**Инсан**

# Гьасдаса рази рукIуна росдал гIадамал

Жакъа «Одноклассники», «В Контакте», «Телеграмм» ва анцI-анцI батIиял социалиял гьиназ почалъул аслияб хIалтIи - казияталгун кагъталги халкъалъухъе щвезарун, цIиял харбал лъазари «бигьалъизабун» бугониги, почтальон жакъаги чара гьечIев чи вуго, хасго росабалъ. Байрамазулал кагъталги, цIиял харбалги жакъа Интернеталъ щвезарулел руго халкъалъухъе рокьосан къватIире рахьичIого, дунялалъул бокьараб улкаялде гIагарал-лъалезухъе ахIулебги буго видеозвоноказдалъун, цо-цоязул пенсия-пособиялги рачIунел руго карточкабазде.

Амма жеги руго росаби Интернет щвечIелги, щваниги, гьелъулгун «лъай-хъвай гьечIел» харабиги дагъал гуро ругел, кьанагIатав, хирияв гьоболасухъ гIадин, казият-журналалгун, зама-заманалъ пенсия-пособиегун почтальон вачIиналъухъ жал балагьун чIун рукIунел. Гьединаздаса цояв ккола 1989 соналдаса нахъе почтальонлъун хIалтIулев Гьигьихъ росулъа Шамсудин МухIамадов. ГIемераб лъим чвахана долдаса нахъе, амма ракIалъ тIаса бищараб махщалие хилиплъичIо Шамсудин. Гьединазда жакъа абула фанаталилан. Гьел ккола мукъсанабго харжалъухъги, таманаб хIалтIиялъухъги балагьичIого, жидерго иш ракIбацIцIадго тIубалел гIадамал.

Бигьаяб иш кколаро почтальонасул хъулухъ. Абила гIумруялъе хIинкьи цIикIкIараб бугилан-ги: нус-нус гьечIониги, анцI-анцI чиясул пенсия-пособиялъул гIарацги кодоб ккун унев чиясда цо «щайтIан цIикIкIарас» бер чIвани-лъуни, абухъего, «лъугIана иш». Аллагьас цIунаги гьединал пикрабаздасагицин, ишаздасани щайгурин.

Жакъа жиндир хIалтIи гIемер бигьалъанин абула Шамсудиница. Валдберисалгун Озоналги раккун, цебе гIадин, гIемер букIунаро гьанже битIулеб-бачIунеб посылкаги, анкьида жаниб цо-кIиго нухалъ бачIараб поч бикьи ва цо-цо мехалъ почалъ битIараб къайи-къоно бичи гурони хIалтIиги букIунарилан. Аслияб куцалда босулеб къайиги лъалин, гьединлъидал гIадамазул заказалги рукIунин цо-цо мехалъ, почалда батани, гьаб-доб босеян, жалги тукабазде щолел гьечIин абун. Гьанжезаманалъул онлайн-тукабиги харабазда щибха лъалел?!

-Газетазе подписка гьабеян гьарун дун аскIове вачIиндал, дир рагIи хвезабуларел дирго подписчиказул гьари тIубазе дунги хIадурав вуго,-ян вуго почтальон абулев. -Бокьун буго дирго подписчиказе ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе. Гьел ккола Гьигьихъа, КIочIалиса, КIочIали ахикьа ва «Дача» авалалдаса гIадамал, райбольницаялъул, КIочIали администрациялъул, лъималазул ахалъул коллективал. ТIад калам гьечIого хъвала гьез газеталгун журналал.

Лъебералда анлъго соналда жаниб поч бикьулаго цоцада ричIчIунгутIи абонентазулгун жеги ккечIин вохун вукIуна гьев. Щивасулгун гIаммаб мацI батизе лъалев, хIажалъи ккаралъув хIалае вахъунев Шамсудинидаса рази руго росуцоялги.

ХIалтIулги гIумрудулги хIалбихьи гIураб бугелъулха, кинаб рокьобе кинаб казият-журнал, киналде - пенсия-пособие щвезабизе кколебали гьесда лъикI лъала. Щибаб рокьов жидерго




рукъалъул чиясухъ, хирияв гьоболасухъ гIадин балагьун чIун рукIуна гIадамал цIиял харбалгун Шамсудин вачIиналъухъ, лъикIаб рагIудалъун гурони каламги гьабуларо почтальонасул рахъалъ ва ахIула чай гьекъезе, квачан ватилин, жаниве лъугьаянги абун. Ругелъулха цо-цо хараби, хабар-кIалалъецин аскIов чи гьечIого хутIаралги. РакI батулеб рагIиги бицун, гьелги рохизарун, уна гьев жиндирго нухккун. Нухги кьокъаб гьечIо гьесул: таманал свераби рахъизе ккола поч щвезабулаго.

ЛъикIаб рахъалъ гурони цIар бахъуларо Шамсудин МухIамадовасул пишацоязги. Бищун цIикIкIараб подписка гьесул букIунин абула Агъвали почалъул отделениялъул хIалтIухъабаз.

-ЗахIмат бокьулев, тIаде босараб иш ракIбацIцIадго тIубалев, ккаралъуб кумекги гьабулев, гьитIинабго коллективалъул мугъ чIвалеб хIубилъун ккола гьев ниже,-ян рукIуна почалъулал.-Гьадинал, тIадкъараб иш жавабчилъиялда тIубалел хIалтIухъаби ругебгIан мехалъ, кварилъи букIинаро нижер хIалтIуе: тIурала подпискаялъулги, бича-хисиялъулги планал. БатIи-батIияв газетал рачIуна районалде, амма гIагараб «ЦIумадисезул гьаракь» цебесеб кьерда букIуна подписказул рахъалъ. Баркала Шамсудиние гьеб рахъалъ гьабулеб хIалтIухъ…

ТIаде жубазе рагIи дир хутIичIо, цохIо лъикIабщинаб Шамсудиние гьари гуреб. ГIемерльаги гьединал хIалтIухъаби нилъее.

**Хадижат Залимханова**

# КъотIи-къаялда рекъон рагъулаб хъулухъ




Цо лъагIалил яги гьелдаса цIикIкIун болжалалъ рагъулаб хъулухъ гьабизе къотIи-къай гьабулаго (хъвалаго) бихьизабун буго 1 900 000 гьурущ цо нухалъ кьолеб гIарцул къадар.

Гьеб ккола 400 000 гьурущ федералияб гIарац, 500 00 гьурущ регионалияб гIарац, 500 000 гьурущ регионалияб гIарац (резервалъулал единицаби) ва 500 00 гьурущ муниципалитеталдаса кьолеб гIарац.

4 420 000 гьурущ гIаммаб къадаралде бахуна цо нухалъ кьолебги лъагIалил мухьги хIисабалде босун.

«Каспий» отрядалъулазе цо нухалъ кьолеб гIарац бахинабун буго 300 000 гьурущиде щвезегIан.

ХутIарал баянал щвезе ине бегьула районалъул рагъулаб комиссариаталде яги ахIе аскарияв тIаса рищулеб республикаялъул пункталъул +79894846995 номералде.

**4 февраля-Всемирный день борьбы против рака**

# Профилактики онкологических заболеваний

Онкологические заболевания - это общее название большой группы болезней, которые могут поражать любую часть организма.

Одним из характерных признаков новообразований является быстрое образование аномальных клеток, прорастающих за пределы своих обычных границ и способных проникать в близлежащие части тела и распространяться в другие органы. Этот процесс называется метастазированием.

Диагностировать онкологические заболевания возможно с помощью регулярных профилактических осмотров и диспансеризации.

ГБУ РД «Цумадинская ЦРБ» в Неделю профилактики онкологических заболеваний активно проводятся по онкоскринингу, диспансерному наблюдению, информирование населения по профилактике онкозаболеваний и ведению здорового образа жизни

Рак - не приговор, а часто - предотвратимое заболевание.Значительную часть случаев можно избежать или выявить на ранней, излечимой стадии. Главные наши союзники - это внимание к себе и простая профилактика.

**Рекомендации для населения:**

- Ведите здоровый образ жизни;

-Не злоупотребляйте спиртными напитками:

- Откажитесь от курения;

-Соблюдение рацион питания;

-Следите за своим весом;

- Не бойтесь проходить онкоскрининг. Это плановые обследования для здоровых людей, которые помогают «поймать» болезнь до появления симптомов. Женщинам после 30: ежегодный осмотр у гинеколога для профилактики рака шейки матки. Всем после 50: регулярный анализ кала на скрытую кровь (простая процедура) или колоноскопия для здоровья кишечника.

- Слушайте свое тело и не откладывайте визит к врачу.

- Любые новые, непонятные или длительные изменения в самочувствии - веский повод для консультации. Ранняя диагностика кардинально повышает шансы на успешное лечение.

В рамках диспансеризации проводится четыре вида обследований, которые помогают обнаружить самые распространенные виды онкозаболеваний:

-маммография, для женщин (позволяет выявить рак груди);

-анализ кала на скрытую кровь, для мужчин и женщин (этот анализ позволяет как можно раньше обнаружить рак кишечника);

-ПАП-тест, исследование мазка с шейки матки, для женщин (для ранней диагностики рака шейки матки);

-определение простат-специфического антигена (ПСА) в крови, для мужчин (помогает в борьбе против рака предстательной железы).

Соблюдение вышеуказанных рекомендаций может существенно снизитьриск развития любых видов рака и помочь обнаружить заболевание на ранних стадиях развития.

**Муслимат Магомедова,** врач-онколог Цумадинской ЦРБ

## Бюджет администрации сельского поселения «Сельсовет Верхнегакваринский» на 2026 год и плановый период 2027-2028 г.г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2026 | 2027 | 2028 |
|---|---|---|---|---|
| | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | **Собственные доходы:** | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 34,7 | 34,7 | 34,7 |
| 2 | Налог на имущества | 13,0 | 13,0 | 13,0 |
| 3 | Земельный налог | 9,0 | 9,0 | 9,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 5,1 | 5,1 | 5,1 |
| 5 | Неналоговые доходы | 46,0 | 46,0 | 46,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **107,8** | **107,8** | **107,8** |
| | **Трансферты** | | | |
| 1 | Объем дотаций | 2374,0 | 1497,0 | 2626,0 |
| 2 | Субвен. ВУС | 267,2 | 307,0 | 386,6 |
| | **Итого** | **2641,2** | **1804,0** | **3012,6** |
| | **Всего доходов** | **2749,0** | **1911,8** | **3120,4** |
| | | | | |
| | **Расходы:** | | | |
| 1 | **Аппарат** | **1907,1** | **844,4** | **2085,9** |
| 2 | в т.ч. зарплата | 1296,5 | 583,6 | 1583,0 |
| 3 | **Проведение выборов** | | | |
| 4 | **Резервный фонд** | | | |
| 5 | **ЖКХ** | **290,6** | **719,6** | **688,7** |
| 6 | **КДЦ** | **284,1** | **190,8** | **188,8** |
| 7 | в т.ч. зарплата | 134,2 | 147,3 | 147,3 |
| 8 | **ВУС** | **267,2** | **137,0** | **137,0** |
| 9 | в т.ч. зарплата | 186,0 | 98,0 | 98,0 |
| 10 | **ФК и спорт** | | **20,0** | **20,0** |
| | **Всего расходов** | **2749,0** | **1911,8** | **3120,4** |
| | в т.ч. зарплата | 860,0 | 583,6 | 1583,0 |

**Председатель Собрания детутатов сельского поселения «Сельсовет Верхнегакваринский» У. Магомедов**

## Бюджет администрации сельского поселения «Сельсовет Кочалинский» на 2026год и плановый период 2027-2028 г.г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2026 | 2027 | 2028 |
|---|---|---|---|---|
| | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | **Собственные доходы:** | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 367,7 | 367,7 | 367,7 |
| 2 | Налог на имущества | 13,0 | 13,0 | 13,0 |
| 3 | Земельный налог | 4,0 | 4,0 | 4,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 1,3 | 1,3 | 1,3 |
| 5 | Прочие неналоговые доходы | 12,0 | 12,0 | 12,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **398,0** | **398,0** | **398,0** |
| | **Трансферты** | | | |
| 1 | Объем дотаций | 2284,0 | 1442,0 | 2535,0 |
| 2 | Субвен. ВУС | 227,2 | 261,3 | 329,3 |
| | **Итого** | **2511,2** | **1703,3** | **2864,3** |
| | **Всего доходов** | **2909,2** | **2101,3** | **3262,3** |
| | | | | |
| | **Расходы:** | | | |
| 1 | **Аппарат** | **2048,9** | **1456,2** | **2007,0** |
| | в т.ч. зарплата | 1501,4 | 1100,0 | 1500,0 |
| 2 | **Проведение выборов** | | | |
| 3 | **Резервный фонд** | | | |
| 4 | **ВУС** | **227,2** | **261,3** | **329,3** |
| | в т.ч. зарплата | 155,1 | 180,0 | 216,0 |
| 5 | **ЖКХ** | **603,1** | **373,8** | **916,0** |
| 6 | **Молодёжная политика** | | | |
| 7 | **Культура** | | | |
| | в т.ч. зарплата | | | |
| 8 | **ФК и спорт** | **30,0** | **10,0** | **10,0** |
| | **Всего расходов** | **2909,2** | **2101,3** | **3262,3** |
| | в т.ч. зарплата | 1656,5 | 1280,0 | 1716,0 |

**Председатель Собрания детутатов сельского поселения «Сельсовет Кочалинский» Д. Магомедов**

## Бюджет администрации сельского поселения «Село Агвали» на 2026 год и плановый период 2027-2028 г.г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2026 | 2027 | 2028 |
|---|---|---|---|---|
| | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | **Собственные доходы:** | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 1116,3 | 1116,3 | 1116,3 |
| 2 | Налог на имущества | 121,0 | 121,0 | 121,0 |
| 3 | Земельный налог | 161,0 | 161,0 | 161,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 2,6 | 2,6 | 2,6 |
| 5 | Неналоговые доходы | 23,0 | 23,0 | 23,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **1423,9** | **1423,9** | **1423,9** |
| | **Трансферты** | | | |
| 1 | Объем дотаций | 9058,0 | 5601,0 | 9829,0 |
| 2 | Дотация на частич компен. | | | |
| 3 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | | | |
| 4 | Субвен. ВУС | | | |
| | **Итого** | **9058,0** | **5601,0** | **9829,0** |
| | **Всего доходов** | **10481,9** | **7024,9** | **11252,9** |
| | | | | |
| | **Расходы:** | | | |
| 1 | **Аппарат** | **2656,2** | **954,0** | **954,0** |
| 2 | в т.ч. зарплата | 1816,6 | 730,8 | 730,8 |
| 3 | **Проведение выборов** | | | |
| 4 | **Резервный фонд** | **100,0** | **0,0** | **100,0** |
| 5 | **ЖКХ** | **7725,7** | **6070,9** | **10298,9** |
| | в т.ч. зарплата | 2760,0 | **2760,0** | **2760,0** |
| 6 | **ФК и спорт** | | | |
| | **Всего расходов** | **10481,9** | **7024,9** | **11352,9** |
| | в т.ч. зарплата | 4576,6 | 730,8 | 730,8 |

**Глава администрации сельского поселения «Село Агвали» З. Загидов**

## Бюджет администрации сельского поселения «Сельсовет Инхокваринский» на 2026 год и плановый период 2027-2028 г.г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2026 | 2027 | 2028 |
|---|---|---|---|---|
| | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | **Собственные доходы:** | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 37,3 | 37,3 | 37,3 |
| 2 | Налог на имущества | 6,5 | 6,5 | 6,5 |
| 3 | Земельный налог | 17,0 | 17,0 | 17,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 2,6 | 2,6 | 2,6 |
| 5 | Неналоговые доходы | 46,0 | 46,0 | 46,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **109,4** | **109,4** | **109,4** |
| | **Трансферты** | | | |
| 1 | Объем дотаций | 2258,0 | 1341,0 | 2353,0 |
| 2 | Дотация на частич компен. | | | |
| 3 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | | | |
| 4 | Субвен. ВУС | 257,2 | 295,0 | 372,6 |
| | **Итого** | **2515,2** | **1636,0** | **2725,6** |
| | **Всего доходов** | **2624,6** | **1745,4** | **2835,0** |
| | | | | |
| | **Расходы:** | | | |
| 1 | **Аппарат** | **1710,7** | **1182,9** | **1350,4** |
| | в т.ч. зарплата | 1097,5 | 822,6 | 822,6 |
| 2 | **Проведение выборов** | | | |
| 3 | **Резервный фонд** | | | |
| 4 | **ЗАГС** | | | |
| 5 | **ВУС** | **257,2** | **137,0** | **137,0** |
| | в т.ч. зарплата | 178,2 | 132,0 | 118,0 |
| 6 | **ЖКХ** | **266,9** | **173,9** | **1085,0** |
| | в т.ч. зарплата | 46,9 | 46,9 | |
| 7 | **Молодёжная политика** | | | |
| 8 | **Культура** | **389,8** | **231,6** | **237,6** |
| | в т.ч. зарплата | 302,1 | 255,8 | 255,8 |
| 9 | **ФК и спорт** | **0,0** | **20,0** | **25,0** |
| | **Всего расходов** | **2624,6** | **1745,4** | **2835,0** |
| | в т.ч. зарплата | 1624,7 | 1210,4 | 1221,4 |

**Председатель Собрания детутатов сельского поселения «Сельсовет Инхокваринский» У. Расулов**

Эркенаб гугари

# ЦIумадисезул медалазул бачIин

*Иван Ярыгинил Кубокалъе тIобитIраб турниралда нилъер районалъул гугарухъабаз босана анкьго медаль: ункъо меседил, цо гIарцул ва кIиго мазгарул.*




Гьал къояз Красноярскиялда тIобитIана Олимпиялъул хIаязул кIицIул чемпион Иван Ярыгинил Кубокалъе гIоло эркенаб гугарияльул рахъалъ халкъазда гьоркьосеб ирградулаб турнир.

Гьенир гIахьаллъана Россиялъул регионаздаса, СНГялдаса, Азиялдаса ва цогидалги улкабаздаса гугарухъаби. Турниралъул хIасилалда Дагъистаналъул командаялъ бихьизабуна бищун лъикIаб хIасил. Дагъистаниязе щвана 20 медаль: 6 меседил, 6 гIарцул ва 8 мазгарул.

БатIаго лъикI цере рахъана гьенир нилъер районалъул гугарухъаби. Гьез бихьизабуна жидеда ращадал турниралда гьечIеблъи.

Турниралъул чемпионаллъун рахъана: Башир МухIамадов(65 кг. Метрада), АхIмад ГIусманов (79 кг. Акнада), Аманула ГъазимухIамадов (92 кг. Инхокъвари) ва Шамил Мусаев (125 кг.КIванада).

БатIаго рехсезе бокьун буго 92 кг. цIайиялда гIарцул медалалъ босарав Гьигьалъа гIолохъанав гугарухъан МустIапахIажи Малачдибиров. Мазгарул медалал щвана ТIиссиса ГIабасхIажи МухIамадовасе (65 кг.) ва Инхокъвариса Аманула Расуловасе (86 кг.).

Районцояз ракI-ракIалъ баркулеб буго гьезда ва тренеразда щварал бергьенлъаби, гьарулеб буго хадубккунги икъбал.

...........

## КIвандерил гугарухъабазул лъикIал хIасилал

Дагъал цере къояз Грозныялда эркенаб гугарияльул рахъалъ гIолилазда гьоркьор (U18) тIоритIарал СКФОялъул къецазда лъикIал хIасилал рихьизаруна КIванада росулъа гугарухъабаз.

110 кг. цIайиялда тIоцебесеб бакI ккуна МухIамадрасул ГъазимухIамадовас, 92 кг. цIайиялда кIиабилеб бакI щвана Мурад МухIамадовасе.

Эркенаб гугарияльул рахъалъ гIолилазда гьоркьор (U16) Краснодаралда тIоритIарал ЮФОялъул къецазда лъикI цеве вахъана КIванадаса ГIумар Басханов. 85 кг. цIайиялда гьениб гьес ккуна тIоцебесеб бакI.

Лъабавго гугарухъан гIахьаллъизе вуго Россиялъул чемпионаталда. Баркула гьезда щварал бергьенлъаби ва гьарула хаду-хадубккунги спорталъулъ икъбал.

**Шамил Бадрудинов**

## АхIмад ГIамирханов



1 февралалда Аллагьасул къадаралде щвана Дагъистаналъул мустахIикъав учитель Сасикьа АхIмад ГIамирханов.

АхIмад гьавуна 1950 соналъ Сасикь росулъ. ЛъугIизабуна Дагъистаналъул пачалихъияб педагогикияб институт.

ГIемерал соназ хIалтIана Шава росдал гьоркьохъеб школалда географиялъул учительлъун. Ахирал соназ гIумру гьабун вукIана Хасавюрт районалъул ЦIияб Сасикь росулъ.

АхIмад вукIана гIаданлъи бугев, яхI-намус цIикIкIарав, гьудул-гьалмагълъи хирияв инсан. КIудияб ками ккана районалъе нилъедаса гьев ватIалъи.

КIудияб гIахьаллъи букIунаан гьесул районалъул жамгIияб гIумруялъулъ. ГIемер цеве вахъунаан районалда ва гьеб тун кватIир тIоритIулел тадбиразда миллияб мацIгун тарих, адабиятгун маданият, гьудул-гьалмагълъи, магIарул яхI-намус, умумузул гIадатал ва гIаданлъи цIунизе магIарулал ахIун.

АхIмад къадаралде щвеялда бан нижеца гьваридаб пашманлъигун зигара балеб буго гьесул хъизан-лъималазда, гIагаборазда, Сасикь ва Гъаквари росабазул жамагIатазда.

Аллагь гурхIаги гьесда, иманалда тIовитIун ватаги.

**Райадминистрациялъул хIалтIухъаби, районалъул Собраниялъул депутатал, районалъул актив.**

«ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул хIалтIухъабаз гьваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго **АхIмад ГIамирханов** къадаралде щвеялда бан гьесул хъизан-лъималазда, гIага-божаразда, Сасикь ва Гъаквари росабазул жамагIатазда.

Аллагьас гьев иманалда тIовитIун ватаги, хъизан-лъималазе сабру кьеги.

Газпром

## Газификация не может быть «кустарной»

Поставщик газа в Дагестане «Газпром межрегионгаз Махачкала» рекомендует: заблаговременно, на стадии строительства дома или ввода коммерческих помещений, обращаться за газификацией, ни в коем случае не допуская временных шланговых «газопроводов» и самостоятельной, самовольной газификации.

Не позволяйте посторонним лицам, нанятым работникам, строительным бригадам, обогревать помещения кустарно произведенными обогревателями!

Если вам известно о случаях самовольного подключения к газопроводу, незамедлительно сообщайте об этом в аварийно-диспетчерскую службу по номерам 04, 104 либо в контролирующие органы. Ваша бдительность поможет предотвратить угрозу для жизни и безопасности людей.

Специалисты газовых служб и контролирующих органов неустанно предупреждают, что незаконное вмешательство в газовую инфраструктуру может привести к утечкам, взрывам и пожарам, ставя под удар целые дома и микрорайоны.

Какое наказание предусмотрено?

Несанкционированное подключение к газопроводам или самовольное использование газа влечет административную ответственность по ч. 1 ст. 7.19 КоАП РФ в виде штрафа:

-для граждан - от 10 000 до 15 000 рублей;

-для должностных лиц - от 30 000 до 80 000 рублей либо дисквалификацию на срок от 1 до 2 лет;

-для юридических лиц - от 100 000 до 200 000 рублей.

Повторное незаконное подключение к газовым сетям может повлечь уголовное наказание вплоть до двух лет лишения свободы. В случае, если самовольное подключение станет причиной гибели человека, срок наказания увеличивается до восьми лет лишения свободы.


**БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич (87273) 2-52-44**

**Жавабияй секретарь Залимханова Хадижат МухIамадовна**

**Техникияй редактор МухIамадова Батул МухIамадовна**

**Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватI, 4**

**«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)**

**Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.**

**Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, 1 «А»**

**Тираж - 1022**

**Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)**

**Адрес электронной почты Golostsumady@mail.ru**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальголъи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.**

**Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ 05-00434 от 15 июля 2019 г.**